

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan Média Audio dina pangajaran undak-usuk basa Sunda siswa kelas VII-A SMP Negeri 7 Tasikmalaya, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- (1) Kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda siswa kelas VII-A SMP Negeri 7 Tasikmalaya dina tés awal katitén hasilna kurang nyugemakeun. Rata-rata kamampuh siswa nya éta 4,53 hartina siswa can mampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda. Dina tésahir sabada ayana pangajaran ngagunakeun média audio katitén hasilna geus nyugemakeun. Rata-rata kamampuh siswa nya éta 6,9 hartina siswa geus mampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda.
- (2) Ayana paningkatan kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda antara pratés jeung pascatés.
- (3) Tina hasil uji gain siswa kelas VII-A SMP Negeri 7 Tasikmalaya aya parobahana anu signifikan. Uji siswa ngahasilkeun  $t_{itung}$  (16,8)  $>$   $t_{tabel}$  (7,60).

## 5.2 Rékoméndasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran undak-usuk basa Sunda ngagunakeun média audio, aya sababaraha rékoméndasi tina ieu panalungtikan:

- (1) Média audio bisa dijadikeun salasahiji alternatif pikeun guru ngajarkeun undak-usuk basa Sunda.
- (2) Ayana panalungtikan ngeunaan média audio dina matéri pangajaran lianna enggonging leuwih ngabuktikeun kaéfektifan éta média pangajaran.
- (3) Pikeun panalungtik satulunya dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang pangajaran ngagunakeun média audio.
- (4) Ayana wangun té sacara lisan nu digunakeun pikeun ngukur kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda, sangkan leuwih katitén hasil nu leuwih nyugemakeun.